

**VIL NOUYÒK
BIWO OPERASYON MAJISTRA A
AVI ODYANS PIBLIK ak PERYÒD KÒMANTELÈ sou
FÒMILASYON PLAN AKSYON ANYÈL yo PWOPOZE POU ANE 2024 LA**

POU TOUT AJANS, KONSÈY KOMINOTÈ, GWOUP, AK MOUN KI ENTERESE YO:

An akò ak 24 CFR 91.105 nan regilasyon Plan Konsolide Depatman Lojman ak Devlopman Iben (U.S. Department of Housing and Urban Development, HUD) ki gen rapò ak patisipasyon sitwayen yo, Biwo Operasyon Majistra a (Mayor's Office of Operations), ansanm ak ajans ki responsab pou aplike Plan Aksyon Anyèl Vil Nouyòk la, te pwograme yon peryòd komantè 30 jou ak yon odisyon sou Pwopozisyon Plan Aksyon Anyèl (Annual Action Plan) la.

Peryòd Komantè Piblik 30 jou sou *Pwopozisyon Plan Aksyon Anyèl 2024* la se **Jedi 27 Jen 2024 - Vandredi 26 Jiyè 2024**. Ou ka voye komantè yo nan conplannyc@cityhall.nyc.gov oswa pa lapòs nan adrès sa a:

Lisa Rambaran
Mayor's Office of Operations
253 Broadway 10th Floor
New York, New York 10007

Yon **odyans** piblik an pèsòn ak vityèl ap fèt **Jedi 18 Jiyè soti 6:00-7:00pm** pou *Pwopozisyon Plan Aksyon Anyèl 2024* la. **Manm piblik la ka patisipe nan odyans lan an pèsòn oswa vityèl. Enfòmasyon sou lyen pou odyans vityèl la ak kote pou odyans an pèsòn lan yo anba a:**

Depatman Planifikasyon Vil la envite w nan yon reyinyon ki pwograme sou ZOOM

ID Webinar la: 878 4971 5042

Lyen ZOOM pou patisipasyon piblik la:

<https://us06web.zoom.us/j/87849715042?pwd=AaI5MzQFMEbS90s5r7E5uoYOEf3BMG.1>

Depatman Planifikasyon Vil la envite w nan yon reyinyon ki pwograme an pèsòn

NYC City Planning Commission Hearing Room,
Lower Concourse, 120 Broadway, Manhattan.

Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUB) Etazini an egzije *Plan Aksyon Anyèl yo Pwopoze a*. Li konsolide egzijans lejislatif Estrateji Global pou Aksesiblite nan Lojman ki nan Lwa Cranston-Gonzalez (Cranston-Gonzalez Housing Act) sou Lojman an, ansanm ak aplikasyon anyèl Vil la pou pwogram admisibilite Biwo Planifikasyon ak Devlopman Kominotè a (Office of

Community Planning and Development): Sibvansyon Blòk pou Developman Kominotè (Community Development Block Grant, CDBG), Patenarya Envestisman HOME, Sibvansyon pou Solisyon ann Ijans (Emergency Solutions Grant, ESG), ansanm ak Opòtinite Lojman pou Moun ki gen SIDA (Housing Opportunities for Persons with AID, HOPWA).

Plan Aksyon yo Pwopoze a pa sèlman sèvi aplikasyon pou finansman pou Vil la, men li sèvi aplikasyon pou sibvansyon HOPWA pou Zòn Estatistik Metropoliten HOPWA New York ki Elijib la (HOPWA EMSA). HOPWA EMSA pral gen ladan 1 senk awondisman ki fè pati Vil New York, ansanm ak twa konte nan nò eta New York (Westchester, Rockland ak Putnam).

Yo te pwograme Odyans Piblik la pou yo kapab jwenn kòmantè sou fòmilasyon plan an ak sou fason Vil la itilize fon federal yo pou l reponn ak bezwen lojman, sèvis pou moun ki sanzabri yo, sèvis pou sipò lojman, ansanm ak bezwen devlopman kominotè yo, pwomosyon pozitif pou lojman ekitab, ansanm ak devlopman aktivite yo pwopoze yo. Epitou, reprezantan ajans yo ka resevwa kòmantè sou fason Vil la jere aktivite Plan Konsolide yo pandan ane 2023 an. Pou w kapab gen aksè ak plan sa a, tanpri, ale sou paj nou an.

Pou w kapab gen aksè ak plan sa a, tanpri, ale sou paj nou an nan:

<https://www.nyc.gov/site/operations/projects/consolidated-plan-annual-performance-reports.page>

Pou Ane Fiskal Federal (Federal Fiscal Year, FFY) 2024 a, Vil la te resevwa nan men HUD **\$297,908,307** pou kat pwogram sibvansyon selon fòmil HUB la: **\$171,459,454 pou CDBG; \$65,955,937 pou HOME; \$45,621,999 pou HOPWA; epi \$14,870,917 pou ESG.**

Kesyon ak kòmantè konsènan *Plan Aksyon Anyèl ki pwopoze* pou Vil Nouyòk la ta dwe voye bay Lisa Rambaran, Jesyonè Pwogram Plan Konsolide Vil Nouyòk la. conplannyc@cityhall.nyc.gov.

Tanpri enskri pou w sou lis imel nou an lè w voye yon imèl bay conplannyc@cityhall.nyc.gov.

Si w pa ka jwenn aksè nan imel, tanpri soumèt enfòmasyon kontak ou alekri nan adrès sa a:

Lisa Rambaran
Mayor's Office of Operations
253 Broadway 10th Floor
New York, New York 10007

Vil Nouyòk: Eric Adams, Majistra
 Daniel Steinberg, Direktè, Biwo Operasyon Majistra a

Dat: 20 Jen, 2024